

**NeMutungamiri
Dieter F. Uchtdorf**
Mutevedzeri weChipiri
muHutungamiri Hwekutanga



Kutenderera muNzvimbo Imwechete

Matimambonzwa here chirevo chekare chekuti vanhu vanorasika vanowanzo tenderera munzvimbo imwechete?

Jan L. Souman, chiremba wezvepfungwa (psychologist) wechiGerman, aida kuuona achishandisa sainzi kana izvi zvaiva chokwadi. Akaenda nevanhu vakanga vasarudzwa kuti vatore chinhano muekisiperimendi kunzvimbo huru yesango uye nekungwenga reSahara akashandisa mushini unoshandisa sateraiti (inoiswa mudenga-denga uye inotumidzira nhepfenuro pasi) kuti aronde kwavaienda nako. Vakanga vasina kambasi kana chimwe chibatsiro chekuvaratidza kwekuenda nako. Rairo kwavari yakangairi nyore: fambai nemutsetse wakatitwasa makananga nenzira yaratidzwa.

Dr. Souman vakatsanangura pashure zvakaikita. “[Vamwe] vavo vakafamba pazuva raiva nemakore, zuva rakakwidibirwa nemakore [uye pasina micherekedzo yaioneka]. . . . [Vose] vakatenderera munzvimbo imwechete, [vamwe] vavo vachiramba vachipfuura nepavafamba napo asi vasingazvione.” Vamwe vanhu vaitora chinhano vakafamba zuva parakanga raka-jeka, uye micherekedzo yaivakure ichioneka. “Ivava . . . vakatevedza nzira yakanga yakada kunyatsotitasa zvakaikwana.”¹

Nzvero iyi yadzokororwa nevamwe vatsvagisisi vachishandisa nzira dzakasiyana.² Vese wakawana mhedzisiro dzakafanana.

Pasina micherekedzo inooneka, vanhu vanetsika yekuwanzo tenderera munzvimbo imwechete.

Mucherekedzo weMagwaro Matsvene

Pasina micherekedzo yemweya, vanhu vanotumbidzi-kawo. Tisina shoko raMwari, tinotenderera munzvimbo imwechete.

Tese sevanhu pachavo uye sevagari vemunzvimbo, tinoona tsika iyi ichidzokororwa kakawanda mumukuwo wega wega kubvira pakutanga kwenguva. Apo patinotadza kubatana neshoko raMwari, tinowanorasika (pamweya).

Pachokwadi ichi ndicho chikonzero chakaikita kuti Ishe varaire Rihai kuti atumire vanakomana vake kudzokera kuJerusarema kunotora mahwendefa endarira. Mwari vaiziva kuti zvizvarwa zvaRihai zvaizoda micherekedzo yakanaka—zviratidzo—zvaizopa nhungamiro yavaikwanisa kushandisa kuti vazive kana vakanga vachitevera nzira kwayo.

Magwaro matsvene ishoko raMwari. Ndiwo micherekedzo yaMwari inoratidza nzira yatinofanira kufamba nayo kuitira kuti tiswedere padyo neMuponesi wedu uye tigozadzisa zvinangwa zvinokosha.

Mucherekedzo weMusangano Mukuru

Mirairo inopihwa pamusangano mukuru mimwe micherekedzo inokwanisa kutibatsira kuziva kana tiri munzira chaiyo.

Dzimwe nguva ndinozvibvunza kuti, “Ndakateerera here kumazwi akapihwa nevarume nemadzimai vakataura pamusangano mukuru weChechi uchangopfuura? Ndakaverenga uye ndikaverengazve here mazwi avo? Ndakafungisisa nezvawo uye ndakaashandisa here muupenyu hwangu? Kana kuti ndakangonakidzwa chete nenhaurwa dzakanaka uye ndikaregedza kushandisa mashoko avo akafemerwa muupenyu hwangu pachangu?”

Zwimwe apo pawakanga uchiteerera kana kuvere-nga, wakanyora shoko rimwechete kana maviri. Zwimwe wakazvipira kuita zwimwe zvinhu zvirinani kana kutzviita nei-mwe nzira yakasiyana. Imbofunga pamusoro pemashoko emusangano mukuru wakapfuura. Mazhinji akatukurudzira kusimbisa mhuri dzedu nekunatsa michato yedu. Magazini ye *Liahona* iyi inonangisawo pamwero yekusingaperi iyi, nedzimwe rairo dzinoshanda mukuropafadza upenyu hwedu.

Tiri kunyatsoteerera nekushandisa here rairo yakakosha iyi? Tirikuona nekufamba here takananga kumicherekedzo iyi yechokwadi uye inokosha?

Murapi weKutumbidzika

Micherekedzo yemweya yakakosha zvikurusa pakuti-chengeta tiri panzira yakamanika uye nhete. Inopa gwara rakajeka renzira yatinofanira kuenda nayo—asi chete kana tikaiziva uye tofamba takananga kwaari.

Kana tikaramba kutungamirwa nemicherekedzo iyi, inongozova matutu akanaka, asingareve chinhu, asina basa raakamirira asi kungosiyanisa kusandarika kwemuchechedo.

Hazvina kukwana kutungamirirwa chete nema-nzwiro edu.

Hazvina kukwana kuva nezvinangwa zvakanakisisa.

Hazvina kukwana kusimba chete nemafungiro emazvarirwo edu.

Kunyange apo patinofunga kuti tiri kutevera nzira yakatwasuka yemweya, kana tisina micherekadzo yechokwadi yekutitungamirira—kana tisina nhungamiro yeMweya—tinozowanzo tumbidzika.

Naizvozvo, ngativei, tinovhura maziso edu uye tione micherekedzo yakapihwa naMwari vedu vanetsitsi kuvana Vavo. Ngativerengei, tinzwe, uye tishandise shoko raMwari. Ngatinamatei nechinangwa chechokwadi uye titeerere nekutevera femero dzeMweya. Patinenge tangoziva micherekedzo yedenga inopihwa naBaba

vedu Vekudenga vane rudo, tinofanira kurarama upenyu hwedu maererano nayo. Tinofanirawo kugadzirisa nguva dzose upenyu hwedu nehunhu hwedu apo patino-zvitungamidza takananga kumicherekedzo yemweya.

Nemunzira iyi, hatizo tumbidzika tichitenderera munzvimbo imwechete asi tinofamba nekuvimbika uye nechokwadi takananga kuropafadzo iro guru redenga rinova kodzero yechizvarirwo yeavo vose vanofamba nemunzira yakamanika uye nhete yeudzidzi hwaKristu.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Onai Jan L. Souman nevamwe, “Walking Straight into Circles,” *Current Biology*, vol. 19 (Gunyana. 29, 2009), 1538–42.
2. Onai, semuenzaniso, Robert Krulwich, “A Mystery: Why Can’t We Walk Straight?” npr.org/blogs/krulwich/2011/06/01/131050832/a-mystery-why-can-t-we-walk-straight.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Apo pamunogadzirira kudzidzisa kubva mushoko rino, munokwanisa kutsvaga mumagwaro matsvene mienzaniso yevanhu vakatungamirirwa nemicherekedzo yemweya kana yevanhu vakatumbidzika munzvimbo imwechete. Munokwanisa kutanga dzidzo yenyu nezvinyorwa zvitsvene izvi: Numeri 14:26–33; 1 Nifai 16:28–29; Aruma 37:38–47. Kana muchinzwa kukurudzirwa, munokwanisa kugoverana neavo vamuri kudzidzisa nzwisiso kubva mumienzaniso iyi. Vabvunzei kuti chii chatinodzidza kubva munyaya idzi.

VECHIDIKI

Micherekedzo Yenyu

Mutungamiri Uchtdorf vanotsanangura musangano mukuru nemagwaro matsvene semicherekedzo inokwanisa kutibatsira kudzivira kutumbidzika kwemweya. Fungisisa pamusoro pemicherekedzo yemweya yakakurudzira nekutungamira upenyu hwako. Nyora pasi mujenari rako zviitiko zvako. Zvita-pwa izvi kubva kune Mutungamiri Thomas S. Monson zvingangokubatsira:

“Ropafadzo rako rapatiriyaki richakutungamira nemuusiku hwakasvibisisa. Richakutungamira nemunzira dzeupenyu. . . . Ropafadzo rako harifanire kupetwa zvakanaka rorongedzwa uko. Harifanire kuiswa mufurema kana kushambadzwa. Asi kuti, rinofanira kuverengwa. Rinofanira kudiwa. Rinofanira kuteverwa.”

“Your Patriarchal Blessing: A Liahona of Light,” *Ensign*, Mbudzi 1986, 66.

“Baba vedu Vekudenga Havana kutitumira parwendo rwedu rwezekusingaperi vasina kutipa nzira dzekuti taizokwanisa kugashira kubva Kwavari nhungamiro yekuva nechokwadi chekudzokera kwedu zvakanaka. Ndinotaura nezvemunamato. Ndinotaurawozve nezvezezero rinobva kuizwi iroro repasi pasi, diki.”

“The Race of Life,” *Liahona*, Chivabvu 2012, 92.

VANA

Ndinokwanisa Kuwana Nzira Yangu

Mutungamiri Uchtdorf vanoti tinofanira kutevera micherekedzo yemweya nokuti ichatibatsira kusarudza chakanaka uye nekuswedera pedyo neMuponesi. Mimwe micherekedzo iyi munamato, magwaro matsvene, musangano mukuru, uye ne*Liahona*.

Nemhuri yenyu, verengai nhaurwa kubva mumusangano mukuru uchangopfuura. Mutauro anopa zano rekutitiite sei kuitira kuti tirambe tiri munzira yakanaka? Misai zvinangwa nemhuri yenyu kuti mushandise izvo zvamadzidza.



Rutendo, Mhuri, Rubatsiro

Rufaro muNhorondo yeMhuri

Nomunamato dzidza chinyorwa chino uye, pazvinoita, chikurukure nemasisita amunoshanyira. Shandisa mibvunzo yacho kuti ikubatsirei kusimbisa masisita enyu uye kuita kuti Chita cheRubatsiro chive chikamu chinoshanda cheupenyu hwenyu pachenyu. Kuwana rumwe ruzivo, enda kuwww.reliefsociety.lds.org.

Gosa Russell M. Nelson veChikwata cheVaapositori Gumi neVaviri vakadzidzisa kuti Mweya waEria “chiratidzo che-Mweya Mutsvene chinopa uchapupu hwechimiro chehumwari chemhuri.”¹

Senhengo dzeChechi yaKristu yakadzorerwa, tine basa ratakatabira patakaita chibvumirano rekutsvaga madzitateguru edu nekuvaitira zvisungo zveruponeso zvevhangeri. Ivo vasina isu havakwanise “kukwaniswa” (vaHeberu 11:40), Uye “kana nesu hatiangave vakakwana pasina vakafa vedu” (D&Z 128:15).

Basa renhorondo yemhuri rinotigadzirira kuwana maropafadzo eupenyu hwekusingaperi uye rinotibatsira kukudziridza rutendo rwedu neururami hwedu pachedu. Nhorondo yemhuri chikamu chakosha chechinangwa cheChechi uye inoita kuti basa reruponeso nerekusimudzirwa kumusoro-soro zvemunhu wese rikwaniswe.

Mutungamiri Boyd K. Packer, Mutungamiri weChikwata cheVaapositori Gumi neVaviri, akati: “Kana

tichitsvagisisa madzinza edu tinova nechido chekuziva zvakawanda kupfuura mazita chete. . . . Kuda kuziva kwedu kunodzorerwa mwoyo yedu kumadzibaba edu—tinotsvaga kuti tivawane nekuvaziva uye nekuvashandira.”²

Kubva muMagwaro Matsvene

Maraki 4:5–6; 1 VaKorinte 15:29; D&Z 124:28–36; 128:15

Kubva muNhorondo Yedu

Muporofita Joseph Smith vakadzidzisa kuti, “Basa gurusu munyika ino rakapihwa kwatiri naMwari ndere kutsvaga mazita enhengo dzemhuri yedu dzakafa.”³ Tinokwanisa kushanda mute-mberi sevamiriri vemadzitateguru edu akafa tichivaitira zvisungo zvinodikanwa.

Sally Randall wekuNauvoo, Illinois, ane mwanakomana wake aiva nemakore gumi nemana akafa, akawana kunyaradzwa kukuru muvimbiso yemhuri dzekusingaperi. Mushure mekunge murume wake abhabhatidzirwa mwanakomana

wavo, akanyorera kuhama dzake achiti, “Chinhu chinoshamisa zvikuru zvakadzi chekuti . . . tinokwanisa kubhabhatidzirwa [madzitateguru] edu ose akafa uye tichivaponesa kubvira kumashure shure kwatinokwanisa kuwana ruzivo rupi zvarwo pamusoro pavo.” Zvino akakumbira hama dzake kuti dzimutumire ruzivo pamusoro pemadzitateguru avo, achiti, “ndinoda kuita izvo zvandinokwanisa kuti ndiponese [mhuri yedu].”⁴

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Russell M. Nelson, “A New Harvest Time,” *Liahona*, Chikunguru 1998, 34.
2. Boyd K. Packer, “Your Family History: Getting Started,” *Liahona*, Mbudzi 2011, 17.
3. *Teachings of Presidents of the Church: Joseph Smith* (2007), 475.
4. *Ona Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 20–21.

Chii Chandingaite?

1. Ndingabatsire sei masisita andinotaririra kuti vaite nhorondo yemhuri?
2. Ndiri kunyora here nhorondo yangu pachangu?